



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI GENYEN KOUNYE A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON TÈT ANSANM AVÈK SISTÈM TRIBINAL ETA NEW YORK LA POU OFRI NOUYÒKÈ YO ASISTANS JIRIDIK GRATIS**

***Gouvènè a voye yon [lèt](#) ki mande Trezò Etazini an pou li garanti bank yo p ap bloke peman estimilis yo epi kreyansye yo p ap sezi yo kou yo rive***

***Li konfime 9,946 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 180,458; gen nouvo ka nan 49 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki genyen kounye a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo tèt ansanm avèk Sistèm Tribinal Eta New York la (New York State Court System) pou kreye yon rezo gratis avoka benevòl pou ofri Nouyòkè yo asistans jiridik gratis. Benevòl yo pral kòmanse resevwa fòmasyon epi kòmanse ofri asistans nan semèn k ap vini an. Avoka yo ki enterese nan benevola kapab enskri nan [www.nysba.org/covidvolunteer](http://www.nysba.org/covidvolunteer).

Gouvènè Cuomo te pibliye yon [lèt](#) tou k ap mande Trezò Etazini (U.S. Treasury) an pou li garanti bank yo pa bloke peman estimilis Nouyòkè yo epi kreyansye yo pa sezi yo kou yo rive.

"Mwen konprann nesesite relanse ekonomi an lepli vit posib epi moun yo bezwen travay, men sa ki pi enpòtan nou bezwen sove lavi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen vle garanti tout desizyon nou pran pou ouvè ekonomi an baze sou sa nou aprann nan pwòp eksperyans pa nou ak nan lòt kote toupatou sou planèt la. Annatandan, fòk nou sèten n ap ede bann moun ak biznis yo ki an difikilte epi n ap mete tèt ansanm avèk Sistèm Tribinal Eta New York la pou òganize avoka nan tout eta a k ap ofri asistans jiridik gratis pou ede moun yo avèk pwoblèm yo gen dwa genyen yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 9,946 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 180,458 ka konfime nan Eta New York. Nan total 180,458 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	446	20
Allegany	26	0
Broome	117	5

Cattaraugus	19	1
Cayuga	28	1
Chautauqua	21	1
Chemung	60	1
Chenango	61	1
Clinton	43	0
Columbia	77	3
Cortland	17	0
Delaware	39	0
Dutchess	1,744	146
Erie	1,472	63
Essex	12	2
Franklin	11	0
Fulton	21	3
Genesee	67	2
Greene	37	3
Hamilton	3	0
Herkimer	37	1
Jefferson	44	1
Lewis	6	0
Livingston	30	1
Madison	99	0
Monroe	767	25
Montgomery	29	0
Nassau	22,584	1,072
Niagara	167	11
NYC	98,308	5,924
Oneida	181	9
Onondaga	380	11
Ontario	56	5
Orange	4,847	315
Orleans	24	0
Oswego	37	1
Otsego	43	2
Putnam	494	7
Rensselaer	96	5
Rockland	7,477	355
Saratoga	187	5

Schenectady	194	3
Schoharie	12	0
Schuyler	5	0
Seneca	16	1
St. Lawrence	80	2
Steuben	119	2
Suffolk	19,883	1,191
Sullivan	340	22
Tioga	19	1
Tompkins	108	3
Ulster	589	59
Warren	44	1
Washington	31	5
Wayne	42	1
Westchester	18,729	652
Wyoming	31	1
Yates	2	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)